


**«ÆРИГОНÆЙ ДÆ КАДÆ ГЪÆУАЙ КÆНÆ, ÆМА ДÆ ЗÆРУАЙИ ЦИТГИН УОДЗÆНÆ!..**

***Номдзуд революцион архайæг Цæголти Геуæрги (1897-1919) æ рæстæги уотæ загъта, æма си хъæбæр федарæй ке æруагæс кæнуй, «æзнæт Терки ци фæсевæди Коммунистон цæдес æвзуруй, е рахъæртдзæнæй хуæнхаг фæсевæди раззагдæр хайбæл, æма е, большевикон партий туруса æ сæрмæ фæйлаудзæнæй, уотемæй бæгъатæрæй тох кæндзæнæй адæми раззагдæр бæлдити сæрбæлтау!..» Æ загъд дессаги раст рауадæй...***


75 ПОБЕДА! 1945–2020

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№35 (774) 2020 анзи 11 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман


## АХСГИАГ ФАРСТА



### Максим РЕШЕТНИКОВ: «УÆРÆСЕЙÆН ЦÆГАТ ИРИСТОН ÆЙ АХСГИАГ РЕГИОН!..»

Аци гъуди Уæрæсей экономикон райрæзти министр **Максим РЕШЕТНИКОВ** загъта, æрæги сæ Министради бæрнон косгути хæццæ Цæгат Иристони кустадон балций ку адтæй, уæд.

– Стратегион æгъдауæй Уæрæсейæн Цæгат Иристон ахсгиаг регион æй. Фæстаг æнзти республикæ устур куст бакодта экономикон ирæзти надбæл, ирæзунцæ региони бюджети хе æфтуйæггæгтæ, – баханхæ кодта Максим Решетников æ радзубандий. – Идарддæри ирæзтæн ес хуарз бундор – уой фæрци республики социалон-экономикон ирæзти зингæ къахдзæфтæ ракæнæн ес. Федæни анзи нисантæбæл ку дзорон, уæд нæ къохи бафтудæй Цæгат Кавкази регионтæн уæлæнхасæн финансон фæрæзнитæ иснисан кæнун.

Уæрæсей экономикон райрæзти Министради делегаций ма адтæнцæ министри фиццаг хуæдæййиевæг **Михаил Бабич**, Министради структурон дæлхайæдти разамонгутæ, акционерон æхсæнадæ «Курорты Северного Кавказа»-йи генералон директор **Хасан Тимижев**, акционерон æхсæнадæ «МСП Банк»-и правлений сæрдари хуæдæййиевæг **Арсан Демельханов** æма иннетæ.

2



## ХÆТÆГТИ Владимир: «ЦИТГИН АДТÆЙ НÆ ЦÆДЕС!..»



Фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми раздæри фиццаг секретарь ХÆТÆГТИ Харитони фурт Владимири имисуйнæгтæ æма æндæр æрмæгутæ Ленинон фæскомцæдеси 102 анзей кадæн кæсетæ 1-2 æма 4-7-аг фæрстæбæл.

## БÆРÆГБОНИ ФÆДБÆЛ



### Æ КАДÆ ÆМА Æ НАМУСÆЙ АБОНИ ДÆР МА СÆРУСТУР АН!..

***Хуæрзæрæги, 29 октябри дууæ æма фондзинсæй анзи исæнхæст æй Ленинон фæскомцæдеси исарæзтбæл.***

Æма еци цауи фæдбæл абони мухур кæнæн цалдæр æрмæги. Ка ’й зонуй, кадæртæ уотæ дæр зæгъдзæнæнцæ, гъома, фæсбæрæгбон ба ма цæмæн гъæуй сæ кой. Е раст гъуди нæй, уомæн æма фæсевæди гъомбæлади фарстатæ еубоникон нæ ’нцæ.

Æма аци æрмæгутæ дæр уомæ гæсгæ мухур кæнæн, цæмæй нуриккон ирæзгæ фæлтæртæ зононцæ, сæ фидтæлтæ, æригæнттæ уогæй, цæйбæрцæбæл æновуд адтæнцæ нæ Фидибæстæбæл, цæйбæрцæбæл бæрзонд цæстиварди сæмæ адтæй æма куд хъазауатонæй архайдтонцæ æ кадæ æма æ намуси бæрзонддзийнадæбæл. Зононцæ æма сæ фæнзонцæ уоди кæдзосдзийнадæй, сæ царди федауцæ нисантæй.

Нуриккон ирæзгæ фæлтæрти фауни койтæ кæнунмæ æгириддæр нæ гъавæн – алли догæн дæр æхе фæткитæ ес, алли фæлтæртæн дæр уонæмæ гæсгæ аразгæ уайуй æ цардиуагæ. Уотæ ’й нур дæр.

2

***«Гъæдтæ багъæуай кæнæн!..», зæгъгæ, федералон проекти архайуй Цæгат Иристон дæр. Æ нисантæ 'нцæ: гъæдтæ иснæуæг кæнунæн мадзæлттæ исаразун, нæ республики гъæди хæдзаради фонди зæнхити гъæугæ агротехникон æгъдауæй бацæттæ кæнун, нæуæг талатæ си нийиаразун. Акций рæстæги еци фæзуæтти сагъд æрцудæй 300 мин талай.***



## Максим РЕШЕТНИКОВ:
# «УÆРÆСЕЙÆН ЦÆГАТ ИРИСТОН ÆЙ АХСГИАГ РЕГИОН!..»

Сæ балций сæйрагдæр нисанеуæг ба адтæй нæ республики социалон-экономикон уавæри хæццæ бæлвурддæрæй базонгæ ун æма æ идарддæри райрæзти фарстатæ æнтæстгиндæрæй æнхæст кæнуни мадзæлттæ иснисан кæнун.

Мæскуйаг делегаций иуонгти размæ нæхе аэропорти рацудæнцæ æма син зæрдиаг салам загътонцæ нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**, Парламенти Сæрдар **Алексей Мачнев**, Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз**, хецаудзийнади иннæ бæрнон косгутæ. Фусунтæ æма иуазгутæ тæккæ фиццагидæр бацудæнцæ Беслæни фиццаг скъоламæ. Уоми деденгутæ исæвардтонцæ, еу минут æдзæмæй ралæугæй, иссирдтонцæ теракти æвудæй ка бабун æй, еци адæми рохс нæмттæ.

Уоми нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Иринæ Азимова** иуазгутæн радзурдта террористон фудракæнди амæттæгти номерæн комплекси арæзтади проекти туххæй. Е кæрæй-кæронмæ æнхæстгонд æрцæудзæнæй 2021 анзи. Æ нисан æй, теракти фæсте ци азгъунст байзадæй, уой фæффедардæр кæнун, уæдта бунати музейон æма рохситауæн кустæн фадуæттæ исаразун.

Максим Решетников æма Битарти Вячеслав Рахесфарси райони администраций ци урух æмбурд исаразтонцæ, уоми æрдзурдтонцæ Цæгат Иристони идарддæри социалон-экономикон райрæзти нисантæбæл. Æмбурди архайгутæ сæрмагонд æргом раздахтонцæ Беслæни ирæзти генералон пълани уагæвæрдтæ æнхæст кæнуни фарстамæ.

Фембæлди райдайæни Битарти Вячеслав зæрдиаг арфæ ракодта федералон министради разамундæн, республики социалон-экономикон ирæзтмæ устур æргом ке 'здахуй, уой туххæй. Битари-фурти дзубандимæ гæсгæ, республикæ берæ ахсгиаг нисантæбæл æмархайд кодта Цæгат Кавкази гъуддæгути фæдбæл министради хæццæ. Нур ба еци æмархайд раидарддæр æй Уæрæсей Федераций экономикон ирæзти Министради хæццæ.

– Республики экономикон гъомус федардæр кæнунæн, адæми царди уавæртæ фæхххуæздæр кæнунæн ци исаразун гъæуй, уой нисантæ нин бæлвурд кæнæ. Дузæрдуг нæ кæнун, бæсти разамунди рæдау агъази фæрци еци стратегион нисантæ нæ къохи ке бафтуйдзæнæнцæ, уобæл, – фæббæрæг кодта Битарти Вячеслав.

Максим Решетников æ радзубандий куд фæннисан кодта, утемæй фæстаг æнзти республикæ æвдесуй ирæзти бæрæггæнæнтæ, æма еци архайд фæгъгъомусгиндæр кæнун гъæуй.

Уой туххæй ци нисангонд цæуй, уонæбæл дзоргæй Максим Решетников загъта:

– Фиццаги-фиццагдæр, æргом здæхт æрцæудзæнæй туризми къабазæмæ. Зæгъæн, туристон-рекреацион комплекс «Мамисон»-и арæзтадæн хæстæгдæр æртæ анзей дæргъи дехгонд æрцæудзæнæй 6,4 миллиард сомей бæрцæ. Аци проект республики экономикæн гъæуама исуа идарддæри размæцуди бундортæй еу, – загъта Максим Решетников.

Уой хæццæ, министри дзубандимæ гæсгæ, æргом раздахун гъæуй социалон къабази фарстатæ лух кæнунмæ дæр. Берæ ахсгиаг гъуддæгутæ исаразун гъæуй нурма ахуради, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, гъæууон хæдзаради, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ æма иннæ къабæзти. Еци нисантæбæл кусти ахсгиаг бунат ес, Уæрæсей Федераций Хецауадæ 2017 анзи 29 декабри Республикæ Цæгат Иристон-Аланий идарддæри социалон-экономикон райрæзтæн ци сæрмагонд мадзæлтти программæ исфе-

**ЦУДÆНЦÆ НАДБÆЛ ÆРТÆ БÆЛЦЦОНИ: СÆ ЕУ АГУРДТА АМОНД, ИННÆ – МУЛК, ÆРТИККАГ – РÆСТДЗИЙНАДÆ...**

# Æ КАДÆ ÆМА Æ НАМУСÆЙ АБОНИ ДÆР МА СÆРУСТУР АН!..

Фал нин гъæуама лæдæрд уонцæ, абониккон уавæртæ циуавæр æнцæ, е. Етæ ба, æргомæй ку зæгъæн, уæд берæ цæмæйдæрти бустæги зæрдæмæдзæугæ нæ 'нцæ, кæцидæртæ ба си комкоммæ тасдзийнадæ зæрдитæбæл æфтаунцæ, нæ кæстæрти сæризунд ку исдзæгъæлтæ кæнонцæ, рæдуд нæдтæмæ сæ ку расайуонцæ, сæ исуйнаг цард син ку нихххæлхъойтæ кæнонцæ. Уомæ гæсгæ ба уæхæн æнæраст æма дзурдтаг æгъдæуттæ æма фæткити барæ æнæсдзоргæй æнæгъæнæй дæр куд бакæнæн нæ зæрдæдарæн ирæзгæ фæлтæрти! Е æгириддæр раст нæ уодзæнæй. Етæ нæ исонибон æнцæ, æма нин гъæуама абони нæ сагъæсти сагъæссагдæр уа, циуавæр зундирахастбæл хуæст æнцæ, циуавæр æнцæ сæ нисантæ æма бæлдитæ, ку рабайлæгъ уонцæ, уæд циуавæр уодзæнæй сæ цæстингас…

Уомæ гæсгæ ба гъæуй, цæмæй ирæзгæ фæлтæртæ хуæздæр зононцæ сæ кæстæрти æригондзийнади доги хабæрттæ, уони фæлтæрддзийнадæй сæхецæй дæр æма æхсæнадæн дæр пайдахæссæг ци æй, уомæй сæ фæнзонцæ.

Еума хатт ма 'й зæгъæн, нæ абониккон кизгуттæ æма лæхъуæнтæй сæ фулдæри-фулдæр æвдесунцæ сæрæнздзийнадæ, се 'скъуæлхтдзийнадтæй цитгин кæнунцæ нæ Иристон. Уомæн берæ ирд æвдесæнтæ ес, фал нæ равгитæ куд амонунцæ, уомæ гæсгæ уин си ракæндзинан сæ еуей кой.




# АРХАЙГÆ КА КÆНÆ – ÆНТÆСТГИН ДÆР Е ÆЙ!

ЦÆГАТ Иристони Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав** видеоконференций бастдзийнади фæрци фембалдæй, Уæрæсей Стратегион хъæппæрести фæндонæй арæзт форум «Тухгин гъудитæ нæуæг рæстæгæн» æма сæ инвестицион проектти автортти хæццæ. Еци æмархайди сæйраг нисантæ 'нцæ инвестицион проекттæн цардмæ урух над дæттун, профессион ахуради системæ гъомусгиндæр кæнун, фæсевæдон æма социалон амалгъомади ирæзтæн уæлæнхасæн фадуæттæ аразун.

– Республики идарддæри экономикон ирæзт æ инвестицион гъомусæй берæ аразгæ ке æй, е дузæрдуггаг нæй. Æма цæмæй еци нисан къохи æфтуйа, уой туххæй берæ организацион фарстатæ ралух кæнун гъæуй. Фæрнгундæр экономикон федæнмæ надбæл нæ къохи ци æнтæстдзийнадтæ æфтуйуй, Стратегион хъæппæрести агентади хæццæ æмархайд куд ирæзуй, уомæн аргъ искæнæн ес, аци федералон ведомство ци аллианзон национ рейтинг исаразуй, уой бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ.

Зæгъæн, фари хæццæ рабаргæй, 2020 анзи Цæгат Иристон еци рейтинги 8 къæпхæни фæууæлдæр æй æма нуртæккæ 85 уæрæсейаг регионей 'хсæн æй 46-аг бунати. Рабарунæн ма уæхæн нимæдзтæ: 2016 анзи Цæгат Иристон еци рейтингмæ бахастонцæ фиццаг хатт – уæд республикæ адтæй 79 бунати. Уæдæй нурмæ рейтинги 33 къæпхæни фæууæлдæр æй. Стратегион хъæппæрести агентади хæццæ æмгустади, уæдта æндæр мадзæлттæ æнхæст кæнуни фæрци уæлæнхасæн мадзæлттæ аразæн фæсевæдон æма социалон амалгъомади райрæзтæн. Мæ зæрдæ дарун, иристойнаг фæсевæди проекттæ еугуруæрæсеуон форум «Тухгин гъудитæ нæуæг рæстæгæн»-и æнтæстгинæй ке архайдзæнæнцæ, уобæл», – загъта Битарти Вячеслав.

Еугуруæрæсеуон форум косдзæнæй 11-12 ноябри сахар Сочи. Еци урух равдистмæ цæттæ кæнуни кусти фæлгъæти августи-сентябри Республикæ Цæгат Иристон-Аланий экономикон ирæзти Министрадæ бамбурд кодта, республики идарддæри социалон-экономикон райрæзтæн агъаз ка фæууодзæнæй, еци инвестицион проекттæ. Утемæй сæрмагонд федералон къамис еугуруæрæсеуон форуммæ нæ республикæй равзурста 17 аллихузон инвестицион проекти (уони бацæттæ кодтонцæ 10 автори).

Уой фæсте æригон автортæ лæмбунæг радзурдтонцæ сæ проектти туххæй. Зæгъæн, сæрмагонд программæ «Зондаби»-й координатор **Лазарти Зæринæ** бацæттæ кодта ахурадон къурсити проект. Æ дзубандимæ гæсгæ, программи фæрци æригон амалгъонтæн бундорæвæрæн зонундзийнадтæ дæтдзæнæнцæ закъонæвæруйнади уагæвæрдтæ æма хе бизнес райдайуни сосæгдзийнæдти туххæй.

Æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Кристалл»-и директор **Хацъæти Олег** ба форуми бавдесдзæнæй промышленнон технологий къабази хæццæ баст проект «Нæуæг доги промышленность æма экологи рагон цивилизацити технологити хæццæ».

Автор фæндон хæссуй, рагон технологитæй пайда кæнгæй, хуæнхон-æртæзкъахæн кустади хауæццæгтæй нуриккон экологон арæзтадон æрмæгутæ уадзун. Æ гъудимæ гæсгæ, уæхæн экологон æрдауæй æдас дор æма плиткæ зингæ фæуурухдæр кæндзæнæнцæ республики арæзтадон къабази фадуæттæ.

Уотæ, **Вячеслав Фокин, Тауасити Марат** æма иннæ автортæ дæр радзурдтонцæ сæ проектти хецæндзийнæдти туххæй.

Фембæлди кæронбæттæни Битарти Вячеслав арфæ ракодта автортæн, цæмæдессаг æма рæстæги домæнти аккаг проекттæ ке бацæттæ кодтонцæ, уой туххæй. Æма профилон ведомствитæ, министрæдти разамонгутæн байхæс кодта, цæмæй проекттæ царди рауадзунæн мадзæлттæ исаразонцæ.

**Фондз æма авдинсæй анзи 11 ноябри æнхæст кæнуй зингæ советон паддзахадон æма æхсæнадон архайæг А.В. Луначарскийи райгурдбæл (1875-1933). Æ рæстæги балций адтæй Иристони. Æ ном хæссуй Дзæуæгигъæуи 5-аг скъола.**

***Фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми раздæри (1941-1945) æнзти фиццаг секретарь ПХАЛÆГАТИ Владимир: «Тугъди рæстæг И.В Сталинмæ рарвистан тел, цæмæй нин барæ радта нæхе харзæй хуæдтæхгути звено «Цæгат Иристони фæскомцæдесæн» исаразунæн æма ’й не ’мзæнхон авиаций инæлар-майор ДЗУСАТИ Ибрагими æфсæддон хаймæ***



Владимир Ленин дзубанди кæнуй фæскомцæдеси III съезди делегатти къуари хæццæ. Петр БЕЛОУСОВИ конд хузæ.

# ХЕСТÆРТИ НАМУСИ АККАГ АДТÆНЦÆ КÆСТÆРТÆ



**ЛОЛАТИ Батраз,**
Цæголти Геуæргий номбæл музейи директор

СÆ ФИЦЦÆГТИ æмрæнгъæ æрлæудтæнцæ фæсевæд дæр. Хестæртæ сæбæл ке æууæндтæнцæ æма нæуæг цардиуаги исонибон дæр кæстæрти карни хæццæ ке бастонцæ, уобæл дзорæг æй е дæр, æма син устур бартæ ке лæвардтонцæ – еци хъазауат рæстæги хумæтæги нæ райгурдæй Фæсевæди Коммунистон Цæдес дæр.

Еци Цæдеси къуæрттæ аразун байдæдтонцæ Цæгат Иристони дæр. Зæгъæн, фиццæгти хæццæ еци кустмæ бавналдтонцæ Киристонгъæуи фæсевæд. Æма син æнтæстæй берæ арфиаг гъуддæгутæ аразун. Уой фæдбæл æй мæ абони дзубанди æма уин райдайæни радзоруйнаг дæн еу цауи туххæй – хестæр фæлтæртæй æй беретæ фегъустайуонцæ, абони кæстæртæ ба ’й, æвæдзи, нæ зонунцæ.

Цæветтонгæ, 1920 анзи Киристонгъæуи фæскомцæдесонтæ финддæсемæй архайдтонцæ Терки облæсти конференций. Сæ кусти туххæй си доклад искодта Цъебойти Барис. Уæд е æвзурст æрцудæй Фæсевæди Еугуруæрæсеуон Коммунистон Цæдеси III съездмæ делегатæй, кæци Мæскуй цудæй 2-10 октябри æма си архайдтонцæ 602 делегати. Уордигæй ку исæздахтæй, уæд ахид æмбалдæй фæскомцæдесонти хæццæ, æма син дзурдта, уæхæн бæрзонд æмвæзадæбæл мадзали ци фегъуста, уони. Уæлдай устур æргом æздахта, В.И. Ленин æ доклади цæбæл дзурдта æма циуавæр ихæстæ æвардта фæсевæди размæ, уомæ. Æримисидæ, иннæ делегатти хузæн е дæр Ленинмæ куд барвиста æ цубур финстæг: «Киристонгъæуи нæмæ скъола ниххæлæттаг æй...» Фæтæг ин æ финстæг ку бакастæй, уæд еу усмæ цидæр сагъæсти ранигъулдæй, уæдта еци ходæзмолæй залмæ ракастæй æма гъæддухæй загъта:

– Ниххæлæттаг æй?.. Барæвдзæ ’й кæнетæ!..

Аци хабар фегъосгæй, нури дзиллæй, ка ’й зонуй, ескетæ уотæ зæгъдзæнæнцæ, гæрр, Киристонгъæуи уæди фæсевæд уоййасæбæл гъоммæлгъæ адтæнцæ, æма се скъолай хæлæттаг уавæр гъæуама Ленинмæ нихъхъæртун кодтайуонцæ, æма сæ е ба æ дзуаппæй уотæ фæййаллайаг кодта... Уотæ ка рагъуди кæна, е, мæнмæ гæсгæ, раст нæ уодзæнæй. Киристонгъæуккаг лæхъуæни гъаст цæмæй раст балæдæрæн, уой туххæй бæлвурдæй зонун гъæуй уæди уавæртæ. Киристонгъæу граждайнаг тугъди рæстæги уорсгвардион æрдонгтæ бундзагъд никкодтонцæ æма æ цæргутæн сæ февналæнтæ бустæги искадавар æнцæ, сæ цæрæнбунæттæ барæвдзитæ кæнун сæ бон ку нæ адтæй, уæд дин скъолайæн ба ци кодтайуонцæ...

Уогæ еци гъуддагæй дæр сæхе еуварс нæ раластонцæ – аци гъæуи дзиллæ алкæддæр æхцул адтæнцæ ахурбæл, сæ бон адтæй нæ адтæй, уæддæр иссериуонцæ фадуат сæ кæстæртæн зонундзийнæдти бæрзæндтæмæ над исаразунæн.

Уомæ гæсгæ граждайнаг тугъди хуæдфæсте сæ гъæуи скъолатæ фæстæмæ сæ къæхтæбæл ислæуун кæнунбæл еузæрдиуонæй байархайдтонцæ, адæмон ахургæнгути устур къуар си æновудæй кустонцæ, утемæй. Еци гъуддаги дæр сæхе хъæзауатонæй бавдистонцæ. Уогæ айдагъ уомæй нæ фескъуæлхиуонцæ.

Киристонгъæуи фиццаг фæскомцæдесонтæ иссæнцæ æдхуæцæнгарз партизанти æма сурхгвардионти рæнгъити бæгъатæрæй ка тухтæй уорсгвардионти нихмæ, етæ. Зундгонд революцион æма æхсæнадон архайæг Тогойти Данел æ имисуйнæгти уотæ финста: «Айдагъ кустгъон фæсевæд нæ, фал ма бустæги æригæнттæ дæр разæнгардæй архайдтонцæ партизанти змæлди». Зæгъун гъæуй уой дæр, æма 1920 анзи мартъий мæйи Киристонгъæуи партизанти хæйттæй еу æрвист æрцудæй Дзæуæгигъæу знагæй исуæгъдæ кæнунмæ.

Сæ размæ æвæрд ихæс æнтæстгинæй исæнхæст кæнуни фæсте киристонгъæуккаг партизантæ æрæздахтæнцæ сæхемæ. Раст зæгъгæй, сæ раздзæугутæй еу, Елбати Антон байзадæй Дзæуæгигъæуи, æ ахур астæуккаг-техникон училищей раизолдæр кæнунмæ. Фал е дæр еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте курдиадæ балæвардта Терки облæсти фæскомцæдесон организаций разамонæг Хетæгкати Петри номбæл, цæмæй æй рарветонцæ Киристонгъæумæ Фæсевæди Коммунистон Цæдеси хайадæ исаразунмæ. Æ курдиадæн ин аразий дзуапп равардта, æма 22 апърели 1920 анзи райста мандат.

Партий райони комитет гъæугæбæл банимадта Елбати Антони хъæппæрес æма ма Елекъоти Геуæргийæн бафæдзахста, цæмæй е дæр еци кусти архайа.

Разæнгарддæр фæсевæди хæццæ радзубанди кæнгæй, арæзт æрцудæй хъæппæресгин къуар. Етæ хъазауатонæй архайдтонцæ, цæмæй Киристонгъæуи дæр Фæсевæди Коммунистон Цæдес фæззинна. Фиццаг организацион æмбурд нисангонд æрцудæй 1920 анзи 14 маймæ.

...Киристонгъæуи æригæнттæ разæнгардæй сæхе бавдистонцæ. Фиццаг æмбурди фæсте фæскомцæдесон Цæдеси бюромæ кизгуттæ æма лæхъуæнтæ къуæрттæ-къуæрттæй цудæнцæ сæ курдиæдти хæццæ, цæмæй сæ фæскомцæдесонти рæнгъитæмæ райстайуонцæ. Се ’хсæн адтæнцæ зæнхкосгутæ, ахурдзаутæ, æригон сурх партизантæ. Гъæубæл уайтæккæ райгъустæй фæскомцæдеси къуар исаразуни хабар. Дуккаг æмбурд ба арæзт æрцудæй 16 майи. Еци æмбурди фæскомцæдесонти рæнгъитæмæ ист æрцудæй дæс æма дууинсæй адæймаги. Иннæ радон æмбурди дæр бабæй фæскомцæдесонти рæнгъитæмæ райстонцæ æригон киристонгъæуккæгти устур къуар.

Фæскомцæдесон еугонди разамунд куд се ’мцæдесонтæ, уотæ æнæцæдесон фæсевæдмæ дæр ахид фæдздзоридæ, цæмæй сабат æма хуцаубони лæвар бакосонцæ, исцалцæг кæнонцæ базелуйнаг азгъунститæ, бафснайуонцæ фæзуæттæ. Æма æригæнттæ алкæддæр сæ фарсмæ æрбалæууиуонцæ æма хъазауатонæй байархайиуонцæ. Еци хъæппæреси туххæй гъæути цæргутæ си арфиаг адтæнцæ. Уомæй уæлдай ма фæскомцæдесонтæ хъазауатонæй архайдтонцæ адæми æхсæн æнахургонддзийнадæ искунæг кæнунбæл. Ахургæнгути хæццæ æмархайд кодтонцæ фæскомцæдесонтæ сæхуæдтæ дæр.

1920 анзи майи мæйи Киристонгъæуи арæзт æрцудæй хехъæппæресадон аййевадон къуар. Разамунд ин лæвардта ахургæнæг Тæкъоти Ольгæ. Æнтæстгинæй сæ куст кодтонцæ музыкалон оркестр, ахурдзаути хор æма драмон къуар. Хехъæппæресадон къуар 1920-1921 æнзти ирон æма уруссаг драматургти уадзимистæмæ гæсгæ ниввардта дæс спектакли. Еуæй-еу хатт пьеситæ финстонцæ бунæттон авторта дæр, зæгъæн, сценæбæл æвæрд æрцудæй Æбати Шамили пьесæ «Æхсаргинтæ» дæр. Адæми зæрдæмæ хъæбæр цудæнцæ хехъæппæресадон аййевадон къуари архайд, устур аргъ син кодтонцæ. Фал син сæрмагонд азгъунст ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ спектакльтæ æвдистонцæ кæми Киристонгъæуи уæллаг квартæли скъолай æмбурдтæгæнæн зали, кæми ба Гостити хæдзари рази, цубур рæстæгмæ арæзт сценæбæл.

...Киристонгъæуи фæскомцæдесонти организаци анзæйанзмæ ирæстæй æма федардæр кодта. Кæд æма 1922 анзи æ рæнгъити адтæй æдеугур 150 фæскомцæдесони, уæд 1926 анзмæ ба сæ нимæдзæ исхъæрдтæй 530 уæнгæ.

Мадта 1922 анзи ба гъæуи фæззиндтæй нæуæгдзаути организаци дæр. Æ рæнгъити адтæй 1200 нæуæгдзауи. Фæскомцæдесонтæ æма нæуæгдзаути нимæдзæ фулдæрæй-фулдæр ке кодта, уомæ гæсгæ гъæуи медæгæ фæззиндтæй æртæ кири – уæллаг, астæуккаг æма дæллаг. Фæскомцæдесонти æмбурдтæ си цудæнцæ хецæнæй аллирауæн дæр.

Фæскомцæдеси хъæппæресæй цидæриддæр арæзт цудæй, уонæми лæхъуæнти æмбæрцæ архайдтонцæ кизгуттæ дæр. Уæди рæстæги е кедæрти зæрдæмæ нæ цудæй, гъома, нæ федауй дигорон кизгæн лæгти хæццæ æмгустгæнæг ун, уæлдайдæр ба æхсæнадон гъуддæгути. Фал доги нæуæг фæззиндтитæ еци зундирахастæй тухгиндæр разиндтæнцæ, æма кизгуттæ фулдæрæй-фулдæр архайдтонцæ гъæубæсти еумæйаг гъуддæгути. Фæстæдæр си цалдæр æрвист æрцудæнцæ фæскомцæдесон кустити уæлдæр бунæттæмæ. Уони æхсæн адтæнцæ: Залети Сатæг, Гарданти Надеждæ, Гостити Нинæ, Бичерахти Дарья, Акъоти Дуня, Тæхилти Лизæ, Гагулати Лизинка, Тæхилти Любæ, Калоти Дзиппа æма берæ æндæртæ.

Киристонгъæуи фæскомцæдесон кирти разамонгутæ алли рæстæг адтæнцæ: Туаллæгти Аса, Тотойти Виктор, Созайти Сергей, Гапботи Кудзиго, Елекъоти Кирилл, Мамати Дæган, Гагулати Петр, Николти Петр, Толасти Илья, Къорнати æнсувæртæ – Николай æма Сергей, Гульчети Афанасий, Сæбанти Барис æма Кермен.

Киристонгъæуи Устур Фидибæстон тугъди агъоммæ иссæй гъæууонхæдзарадон кусти мадзæлттæ æма гæнæнтæй хуарз ефтонггонд æма гъомусгин, культурон æгъдауæй размæцуд, интеллигенций нимæдзæ дæр дзæвгарæ кæми адтæй, уæхæн гъæубæстæ. Цанæбæрæг рæстæг ма ’й багъудайдæ, цæмæй социалистон цардарæзти алли къабази дæр е ’нтæстдзийнæдтæй уойбæрцæ исагъазиау адтайдæ, æма дести æфтудтайдæ, уæдмæ Устур Фидибæстон тугъд ку нæ райдæдтайдæ æма еугур хъауритæй архайун ку нæ багъудайдæ Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгтæй багъæуай кæнунбæл. Æма уоми дæр киристонгъæуккæгтæ, сæ фулдæр æзиниккон фæскомцæдесонтæ, утемæй хъæбæр фескъуæлхтæнцæ. Уобæл дзорæг æнцæ сæ тугъдон хъазауати туххæй син ци паддзахадон хуæрзеугутæ исаккаг кодтонцæ, етæ. Мадта си æхсæземæн ба исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном. Киристонгъæуккаг тугъдонтæй беретæ сæ æригон цард иснивонд кодтонцæ Райгурæн бæсти сæребари сæрбæлтау. Абони дæр син сæ райгурæн гъæубæсти цитгинæй имисунцæ сæ рохс нæмттæ, кадæ син кænунцæ, уони лæгдзийнадæбæл гъомбæл кæнунцæ ирæзгæ фæлтæрти. Уогæ е æндæр, сæрмагонд дзубандий хабар æй...

***раттунæн... Сталин нæмæ 1945 анзи 13 апърели исæрвиста дзуапп: «Зæрдиаг салам æма арфи дзурдтæ мæ номæй зæгъетæ Цæгат Иристони фæскомцæдесонтæ æма фæсевæдæн. Сæ фæндон æнхæстгонд æрцæудзæнæй – ци 480 мин соми æрæмбурд кодтонцæ, уонæй исараздзинан хуæдтæхгути звено «Цæгат Иристони фæскомцæдесæн».***





# СÆ АГЪАЗ ФРОНТÆН АДТÆЙ АГЪАЗИАУ



**ТЕДТОЙТИ Аслæнбег**
историон наукити доктор, профессор

ЦÆГАТ Иристони фæскомцæдесонтæй финддæс миней бæрцæ Устур Фидибæстон тугъди æнзти бæгъатæрæй тох кодтонцæ нæ Райгурæн бæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæборæг немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ. Сæ агъазиау тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæн ба бæлвурд æвдесæн æнцæ, Райгурæн бæстæ син ци берæ аллихузон паддзахадон хуæрзеугутæ исаккаг кодта, етæ. Инсæйемæн ба си лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном.

Гъулæггагæн, иристойнаг тугъдонтæй беретæ нæбал исæмбалдæнцæ сæ фидиуæзæгбæл – тугъди будурти сæ цард иснивонд кодтонцæ Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнади сæрбæлтау. Æностæмæ дзиллити зæрдити байзайдзæнæнцæ дзиуаригъæуккаг Гæздæнти авд æнсувæри, хæтæлдойнаг Хестанти æхсæз æнсувæри, гъæдгæройнаг Хъалæгати фондз æнсувæри, дæргъæвсаг Дзебойти фондз æнсувæри, санибайаг Губиати цуппар æнсувæри æма берæ æндæр бæгъатæр æфсæддонти нæмттæ.

Фудæзнагбæл фæуууæлахези бон цæмæй тагъддæр æрхъæрдтайдæ, уобæл тох цудæй айдагъ тугъди будурти нæ, фал фæскъилдуни дæр. Иристони фæскомцæдесонтæ æма фæсевæд удуæлдайæй архайдтонцæ знаги размæцуд бауорамуни туххæй аллихузон федæрттæ аразуни кустити, партизанти къуæртти, фæллад нæ зонгæй, фæллойнæ кодтонцæ æхсæвæй-бонæй заводтæ æма фабрикти, æрзæткъахæнти, будуртæ æма фермити – аллирауæн дæр еци разæнгардæй архайдтонцæ еумæйаг гъуддагбæл: «Алцидæр фронтæн, алцидæр уæлахезæн!»

Фæскомцæдесонтæ æма фæсевæдæй федæрттæ аразунбæл, зæгъæн, 1941 анзи октябри кустонцæ æхсæрдæс мин адæймагемæй фулдæр. ФЕЛКЦ-и обкоми хъæппæресæй арæзт æрцудæй 250 фæскомцæдесон-фæсевæдон хъазауатон бригади. Уони иуонгтæ сæ нормитæ æнхæст кодтонцæ 150-300 процентемæй, беретæн ба си æнтæстæй никки фулдæр. Зæгъæн, Калоти Чермени бригадæ боникон ихæслæвæрдтæ рахецæн кæнидæ 400 процентемæй. Сæ еугуремæн дæр лæвæрд æрцудæй нæ республики Сæйраг Совети Президиуми Кади гæгъæдитæ. Сахар Орджоникидземæ хæстæг æма идарддæр рауæнти федæрттæ аразунбæл хъазауатонæй ке бакустонцæ, уой туххæй республики Сæйраг Совети Президиуми æма саперти 10-аг æфсади командæкæнуйнадæ хуæрзеугутæ равардтонцæ 1377 адæймагемæн. Уонæн сæ фулдæр адтæнцæ фæскомцæдесонтæ.

Республики фæскомцæдесонтæ æма фæсевæд хъазауатон фæллойнæ кодтонцæ промышленности æма гъæууон хæдзаради аллихузон къабæзти. «Цотæ фабриктæ æма заводтæмæ, колхозтæмæ, æрлæууетæ станокти уæлгъос, æрхуæцетæ комбайнти штурвалтбæл, исахур кæнетæ дæсниæдтæ... федар кæнетæ нæ Райгурæн бæсти хъаурæ!» – уотæ финстонцæ Орджоникидзей гъæдгусти завод «Сурх туруса»-й косæг æригон силгоймæгтæ сæ фæдздзурди 1941 анзи Цæгат Иристони силгоймæгтæмæ.

Еци анз ФЕЛКЦ-и обком æма райкомти хъæппæресæй, машинон-тракторон станцити политхайæдти хæццæ еумæ аразун райдæдтонцæ фæскомцæдесон-фæсевæдон бригадитæ æма звенотæ промышленности æма гъæууон хæдзаради. Уони нимæдзæ еудадзуг кодта фулдæрæй-фулдæр. Адтæй син устур ахедундзийнадæ фæсевæди политикон гъомбæлади. Еци бригадитæ æма звенотæ уæлдай фулдæр куст бакодтонцæ 1943 анзи.

Сахар Орджоникидзей Промышленнон райони еци дзамани куста еу æма инсæй фæскомцæдесон-фæсевæдон бригади. Уоми берæ адтæй, хуæрзæригæнттæ уогæй, æ кустадон пълантæ 200-300 процентемæй ка æнхæст кодта, уæхæнттæ.

Минкъий æнтæстдзийнæдтæ не 'фтудæй сæ къохи гъæууон фæсевæдæн дæр. 1944 анзи социалистон ериси архайдта 73 будуйрон, 33 тракторон бригади æма 171 звеной. Уонæми æдеугурæй адтæй цуппар мин адæймагей бæрцæ. Еци анз етæ аллихузон културити тиллæг бафснайдтонцæ 84 мин гектаремæй фулдæр фæзуати. Сæ хуарзи кой райгъустæй Анастасия Умрихайи (колхоз «Ленини фæдзæхститæмæ гæсгæ»), Верæ Агеенкойи (раздæри Къруппи райони Сурх Æфсади номбæл колхоз), Нинæ Орловайи (Мæздæги райони колхоз «Фондзанзон») звенотæн. Фескъуæлхтæнцæ Дулати Петр, Гуриати Харитон æма Калоти Къостай тракторон фæскомцæдесон-фæсевæдон бригадитæ.

Фæскомцæдес берæ бакуста гъæууон хæдзарадæн кадртæ бацæттæ кæнунбæл дæр. Трактористтæ, звеноводтæ, шофертæ æма прицепщиктæ (будуйрон кустити рæстæг трактортæбæл ци гъæууонхæдзарадон техникæ бафтауиуонцæ, уонæбæл косгутæ) цæттæ кæнуни къурситæ 1942 анзи каст фæцæнцæ 990 лæхъуæни æма кизги. Уомæй идарддæр ма институтти, техникумти æма скъолати гъæууонхæдзарадон дæсниæдтæбæл ахур кодтонцæ 11288 адæймаги.

Цæгат Иристони фæсевæд разæнгардæй архайдтонцæ Сурх Æфсадæн агъазæн фæрæзнитæ æмбурд кæнунбæл. Тугъдон хуæдтæхгутæ исаразунæн æмбурдгонд æрцудæй авд миллион сомемæй фулдæр, бæстæ багъæуай кæнуни фондмæ ба – фараст æма инсæй миллион соми. Уомæй уæлдай ма Цæгат Иристони фæллойнæгæнгутæ паддзахадæн равардтонцæ 79 миллион сомей аргъ тугъдон æфстауи облигацитæ.

ФЕЛКЦ-и обкоми хъæппæресæй 1941 анзи 17 августæй 7 сентябрмæ арæзт æрцудæй фæскомцæдесон-фæсевæдон зеу. Уоми архайдта 76 500 адæймаги. Етæ бæстæ багъæуай кæнуни фондмæ æхцарадех кодтонцæ 240 мин соми, æма, сæ кустæн син колхозтæ ци 20320 фæллойнæбони ниффинстонцæ, уони аргъ дæр. Уомæй уæлдай ма æрæмбурд кодтонцæ 250 тонни æфсæйнаги сæститæ, 1410 тонни резинæ, берæ хуасæгæнæн кæрдæгутæ.

Республики фæскомцæдесонтæ сæхе æхцатæй паддзахадон банкмæ равардтонцæ 480 мин соми хуæдтæхгутæ-истребительти къуар «Цæгат Иристони фæскомцæдесон» исаразунæн. Фæскомцæдесонти курдиадæмæ гæсгæ хуæдтæхгути къуар лæвæрд æрцудæй гвардий инæлар-майор Дзусати Ибрагими авиацион хаймæ.

Цæгат Иристони фæскомцæдесонтæ æма фæсевæд берæ агъаз бакодтонцæ госпитæлтæн – уонæми гъуд кодтонцæ цæф советон æфсæддонти, зилдæнцæ азгъунститæмæ, аразтонцæ си хехъæппæресадон концерттæ æма ма берæ æндæр ахсгиаг гъуддæгутæ.

Цæгат Кавкази агъазиаудæр регионтæй еу, Ростови облæст, знагæй уæгъдæгонд ку æрцудæй, уæд республики фæскомцæдесонтæ уордигон седзæр сувæллæнттæн рарвистонцæ вагони дзаг лæвæрттæ: уæледарæс, киунугутæ, тетрæдтæ, къариндæстæ æма æндæр ахсгиаг гъæугæ дзаумæуттæ.

Берæ æрвист цудæй лæвæрттæ Сурх Æфсади æфсæддонтæн дæр. Айдагъ сахар Орджоникидзей Ленини райони скъолати ахурдзаутæ фронтмæ аллихузи лæвæрттæ рарвистонцæ инсæй миней аргъæй фулдæр. Дигорай астæуккаг скъолай ахурдзаутæ сæхуæдтæ исаразтонцæ æма фронтмæ рарвистонцæ сæдæгай фæлусти, цъоппин цъиндатæ æма къохæрхоштæ. Æдеугур тугъди дзамани Иристони фæсевæд сæхе æхцати æма æндæр æвæрæнти фæрци æфсæддонтæн, партизантæн æма знагæй исуæгъдæгонд районти цæргутæн аллихузон лæвæрттæ рарвистонцæ 30 вагони.

Цæгат Иристони ахурдзаутæ тугъди дзамани бакустонцæ миллион фæллойнæбонемæй фулдæр. Уони аргъ лæвæрд æрцудæй бæстæ багъæуай кæнуни фондмæ. Гъæууонхæдзарадон кустити сæхе хъæбæр хъазауатонæй ке равдистонцæ, уой туххæй си дууинсæйемæн лæвæрд æрцудæй ФЕЛКЦ-и Центрон Комитети æма рохсади Адæмон Комиссаради Кади гæгъæдитæ.

Нæ республики скъолати ахурдзаутæ 1943-1944 æнзти хуасæгæнæн кæрдæгутæ æрæмбурд кодтонцæ финддæс тоннемæй фулдæр. Æдеугур ба тугъди æнзти дæргъи паддзахадæн уæхæн кæрдæгутæй равардтонцæ 45 тонни.

Фæскомцæдесонтæ, фæсевæд, ахурдзаутæ агъаз кодтонцæ, тугъди ка адтæй, уони бийнонтæн. Зæгъæн, сахар Орджоникидзей 30-аг скъолай ахурдзаутæ еудадзуг цудæнцæ, фронти ка адтæй, уони рацæргæ ниййергутæмæ æма, ци гъудæй, уомæй син агъаз кодтонцæ. Фæскомцæдесонтæ 1943 анзи ба исаразтонцæ дæсбонон æма фæййагъаз кодтонцæ, фронти ка адтæй, уæхæн аст мин тугъдоней бийнонтæн, уой туххæй æрæмбурд кодтонцæ 28 мин соми, багъуд кодтонцæ 2380 адæймагей дзæхæрадæнттæ, сог æрластонцæ 85 кубометри.

Фæскомцæдеси финддæс æма инсæй анзей бæрæгбонбæл Цæгат Иристони фæскомцæдесонтæ исæмбалдæнцæ нæуæг фæллойнадон æнтæстдзийнæдти хæццæ, сæхемæ райстонцæ фулдæр ихæстæ. Сахар Орджоникидзей кустуæтти фæскомцæдесонтæ МТС-æн исаразтонцæ æма исцалцæг кодтонцæ 1875 слесарон дзаумауи, 79 трактори, 426 готони, 353 похций æма æндæр гъæугæ дзаумæуттæ.

Фæскомцæдесонтæ 1943 анзи майи мæйи сахар Орджоникидзей исцалцæг æма исфæлгонц кодтонцæ 18 æмдзæрæни.

Берæ æнцæ Устур Фидибæстон тугъди æнзти нæ фæскомцæдесонтæ æма фæсевæди фæрнæйдзаг гъуддæгутæ. Бæгъатæрæй тох кодтонцæ знаги нихмæ фронти дæр æма фæсфронт дæр. Æма бæлвурд гъуддæгутæй равдистонцæ, цæйбæрцæбæл хъазар син æй Райгурæн бæсти карнæ, æ сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнадæ, цæйбæрцæбæл рæстзæрдæй цæттæ æнцæ уой сæрбæлтау рæстуодæй бахъиамæт кæнунмæ... Еци хабæрттæ ни гъæуама ironх ма уонцæ, гъæуама сæ зононцæ абони кæстæртæ дæр æма сæ фæнзонцæ сæ цардиуагæ аразгæй...

***1968 анз.***

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Аци æрмæг мухур кæнæн нæ Уæлахези 75 анзей фæдбæл дæр, уæдта ма еума ахсгиаг гъуддагмæ гæсгæ. Куд зонетæ, уотемæй Дзæуæгигъæуи минивæртти Æмбурд рахаста унаффæ, цæмæй æвдист æрцæуа фæллойнадон намуси Сахари цитгин ном. Æма аци æрмæги ци хабæрттæ æма цаути туххæй цæуй дзубанди, етæ ирд æвдесæн æнцæ, нæ республики сæйраг сахар æцæгæйдæр еци кадгин номи аккаг ке æй, уомæн.*



# ЕЦИ ÆНЗТÆ АДÆМИ ЗÆРДИТИ ЦÆРДЗÆНÆНЦÆ

***Мæнæ дæлдæр ци уац мухур кæнæн, уой æ рæстæги бацæттæ кодта тугъди æма фæллойни ветеран ХУАДОНТИ Аслæмурзæй фурт Ехиа (къари фиццаг рæнгъи бадуй галеуæрдигæй фæндзæймаг). Кæддæр нæ газети дæр мухургонд адтæй. Фал æй нæуæгæй мухур кæнæн, уомæн æма... Гъулæггагæн, Ехиа æй æхуæдæг нæбал бакæсдзæнæй – хуæрзæрæги æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй. Рохсаг уæд... Нæ Исфæлдесæг ин дзенети рохсдæр æма уодæнцойнæдæр бунат исаккаг кæнæд... Мах ба ин æ рохс ном ерæн æ аци имисуйнæгтæй. Еума хатт дæр сæ гъе уомæ гæсгæ мухур кæнæн...***

...Е АДТÆЙ 1942 анзи сентябри. Уæди карз рæстæги æртæ биццеуи-фæскомцæдесони ранæхстæр æнцæ Чиколайæй Дзæуæгигъæуи æрветæн пунктмæ – Мæрзойти Морат, Мостити Барис æма аци рæнгъити автор, цæмæй нæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ рарвестонцæ службæ кæнунмæ. Нæ курдиадæ æнхæстгонд æрцудæй æма нæ рарвистонцæ хецауадон бастдзийнади 942-аг хецæн ротæмæ. Ротæй Мостити Бариси райеуварс кодтонцæ, асæй минкъий æма сувæллонхуз ке зиндтæй, уомæ гæсгæ. Æз ба Морати хæццæ архайдтон Дзæуæгигъæу багъæуай кæнуни гъуддаги, уæдта идарддæр уæгъдæ кодтан Цæгат Кавказ цифуддæр знагæй. Краснодари крайи станцæ Курчинскайæйи Мæрзойти Морат уæззау цæф фæцæй æма 'й госпитæли фæсте рарвистонцæ сæхемæ.

Æз ба Цæгат Кавкази, Прибалтики 3-аг æма 2-аг фронтти æфсæдти рæнгъити архайгæй, тохгæ бахъæрдтæн Кенигсбергмæ. Знаг саст æрцудæй æма мæ уæд рарвистонцæ япойнаг самурайти нихмæ тохунмæ искæсæнмæ, Фæсбайкалы фронтмæ.

Тугъд фæцæй. Фидибæстæ бавналдта ихæлд хæдзарæдтæ, гъæутæ, сахартæ сæ къæхтæбæл ислæуун кæнунмæ. Æз дæр 1946 анзи 7 августи иссудтæн нæхемæ æма дуккаг бон нæ размæ бедаркæ æрлæудтæй, рахизтæй си гъæусовети сæрдар Хуасдзаути Бекмурзæй фурт Амурхан, мæ фидæн арфæ ракодта, æ фурт дзæбæх, æнæнезæй ке исæздахтæй, уой туххæй, уæдта уотæ зæгъуй:

– Аслæмурзæ, æз дин хуарз зонун дæ кæстæри. Тугъди размæ сæрдигон каникулти рæстæги æрбацæуидæ гъæусоветмæ æма лæвар агъаз кодта гæгъæдитæ рæвдзæ кæнунмæ – кæмæн курдиадæ ниффинсидæ, кæбæл акт искæнидæ, кæмæн æндæр ести хузи агъаз фæууидæ. Нуртæккæ ба гъæусовети бæрнон секретари бунат исуæгъдæ æй. Фæгъгъуди кодтон, ами еци бунати Ехиай хузæн неке бакосдзæнæй.

Мæ фидæ мæнмæ æрбакастæй, еу усмæ гъосæй ралæудтæй, уæдта загъта:

– Æхуæдæг куд зæгъа, уобæл æз дæр арази. Æз æй некæми бахъор кæндзæнæн.

Æз загътон:

– Цæттæ дæн еци кустмæ.

Амурхан байдзулдæй:

– Гъема дæ гъуддаг раст уæд. Бауолæфæ, дæ хæстæгутæбæл æрзелæ, фæууинæ дæ лимæнти, авдисæри ба дæ кусти хезæн.

Фал дуккаг бон ба нæуæг хабар. Сæумæй мæмæ фæдздзурдтонцæ фæскомцæдеси райони комитетмæ. Фиццаг секретарь Цæголти Солтанæй уæлдай ма æ косæнуати байфтон бюрой иуонгтæ Будтути Тамби æма Батиати Мæхæмæти. Чиколабæл сæрæгасæй ке исæмбалдтæн, уой фæдбæл мин райарфæ кодтонцæ, уæдта Цæголти Солтан æхе фæгъгъуддагхуз кодта æма загъта:

– Райкоми бюрой иуонгти хæццæ радзубанди кодтон æма нæ унаффæ байеу æй: гъæуама дæу иснисан кæнæн фæскомцæдеси райкоми хайади хецауæй. Ци зæгъдзæнæ нæ фæндонбæл?

– Арази нæ дæн.

– Цæмæннæ? – десхузæй бафарста Цæголи-фурт.

– Уомæн æма æзинæ дзурд равардтон, гъæусоветмæ бæрнон секретарæй косунмæ ке цæудзæнæн, уомæй. Айдагъ Чиколай нæ, фал еугур райони дæр кадгин ка 'й, еци лæги фæссайын мæ бон нæй.

– Е æндæр гъуддаг æй. Æндæр мах уотæ нимайæн æма дæуæн дæ куст канцелярий нæй, фал гъæуама фæсевæди хæццæ косай. Гъæусовети хецауи ба мæ барæ уадзæ. Дæ зæрдихудти нæ бацæудзæнæй.

Еци дзубандий фæсте аразий дзуапп равардтон, фал уæддæр авдисæри гъæусовети сæрдармæ бацудтæн æма ин мæ хабар дзоруйнаг куд адтæн, уотæ мин бакодта:

– Зонун, Ехиа, Солтан мæ æ хæццæ исарази кодта. Дæ нæуæг кусти уæлахездзау уо кæддæриддæр!

Гъæусоветæй бацудтæн фæскомцæдеси райкоммæ. Цæголи-фурт мин лæмбунæг æрдзурдта мæ кусти фæдбæл, сæрмагондæй бахахæ кодта:

– Нæ кусти сæйрагдæр ци æй, е – фæсевæдмæ патриотизми æнкъарæнтæ æма Райгурæн бæстæмæ уарзондзийнадæ игурун кæнун. Уомæй уæлдай нæ фæсевæди куст æма ахурбæл фæццалх кæнун гъæуй, нæ советон адæми 'хсæн ци æгъдæуттæ æма фæткитæ ниффедар æнцæ, уони идарддæр дзиллити 'хсæн итаун.

Уотемæй райдæдтон косун. Ирæфи фæскомцæдеси райони комитети хайади сæргълæуæгæй. Кустан фондземæй – фиццаг æма дуккаг секретартæ, дууæ хайадей хецауи, хигъди æма статистики сектори хецау.

Транспорт уæд кæми адтæй æма фестæгæй зилдан гъæутæбæл, архайдтан фæскомцæдесон æмбурдти, агъаз кодтан райдайæн партион организацити секретартæн. Сæрди фæскомцæдес еугурæй дæр адтан колхози кустити: иннети хæццæ карстан хуасæ æма 'й цæттæ кодтан фонсæн зумæгмæ. Еци рæстæги нæ кусти дуарбæл финст уидæ: «Райком æхгæд æй. Еугурæйдæр æнцæ фæллойнадон фронти».

Мæ зæрдæбæл бадардтон 1947 анз. Фæскомцæдеси Центрон Комитети хъæппæресæй бæсти рапарахат æй бæсти еугурцæдесон социалистон ерис фæсевæди 'хсæн гъæуунхæдзарадон культурити бæрзонд тиллæгæрзадбæл. Райони арæзт æрцудæй еуæндæс фæскомцæдесон фæсевæдон нартихуарикустгæнæг звеной. Архайдта си 355 адæймаги. Анзи фæсте банимадтонцæ социалистон ериси бæрæггæнæнтæ. Ирæфи райони фæллойнæгæнгутæ æрзайун кодтонцæ нартихуари гъæздуг тиллæг – еу гектарæй бафснайдтонцæ 70-75 центнери. 129 адæймаги хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ ССР Цæдеси ордентæ æма майдантæй. Æхсæрисæркках колхозон Боллоти Полийæн равардтонцæ Социалистон Бæгъатæри ном, Гетъой-фурти номбæл фæскомцæдесонтæ Гобети Дарихан æма Хортити Дзефæн лæвæрд æрцудæй Ленини ордентæ. Фæскомцæдеси райкоми комитет æртиккаг бунат байахæста социалистон ериси, æма 'й исхуарзæнхæ кодтонцæ ФЕЛКЦ-и ЦК-и Кади гæгъæдитæй æма финсæн машинкæй. Цæголти Солтани Цæгат Иристони фæскомцæдеси обкоммæ дуккаг секретарæй ке байивтонцæ, уомæ гæсгæ мах райкоми фиццаг секретарæй иссæй Будтути Тамби.

Дууæ анземæ райони фæскомцæдесонтæбæл бафтудæй еу мин адæймагемæй фулдæр. Еци гъуддаги хуæздæр æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй сæ къохи Чиколай, Дæргъæвси, Лескени, Сурх-Дигори астæуккаг скъолати фæскомцæдесон организацитæн, сæ секретартæ Цæрикъати Илас, Бадтиати Виктор, Сакуйти Сослан, Бæлоти Таймораз, утемæй. Еумæйаг хæдзарæдтæй ма цалдæр Кирови номбæл колхоз «Уæлахез», «Землероб» (секретартæ Гулути Хизир, Тъурити Батраз æма Цъæхилти Геуæрги) фескъуæлхтæнцæ аци гъуддаги æма сæмæ хъазар лæвæрттæ æрхаудтæй.

Фæскомцæдеси комитеттæ разæнгардæй арахайдтонцæ физкультури æма æфсæддон спортивон мадзæлтти дæр. Айдагъ еу анзмæ Ирæфи райони исаразтонцæ æхсæз спортивон æма еуæндæс волейболон фæзи, аст ба – догъгæнæнтæ. Райони спорти аллихузон хузти архайдта 5700 адæймаги. Уонæн лæвæрд цудæй ГТО-й значоктæ, æндæр лæвæрттæ. Спортивон гимнастикæй хуарз бæрæггæнæнтæ æфтудæй Багданти æнсувæрти къохи, дæс километри дæргъæмæ уайунæй ба Лагкути Мæхæмæтæн æма Хъарати Мæжитæн. Шахматтæй гъазгæй Батæрти Хушин, Гуæцæлти Ахмæт, Тотойти Рамазан æма æз мæхуæдæг райони æма республикон еристи байахæссианæ раззагдæр бунæттæ.

Ленини фæскомцæдеси 30 анзей тухххæй мæн 1948 анзи исхуарзæнхæ кодтонцæ республики Сæйраг Совети Кади гæгъæдийæй, ФЕЛКЦ-и обкоми фиццаг секретарь Хъулумбегти Мария Григорийи кизги хъæппæресæй ба æрвист æрцудтæн облæстон партион скъоламæ, хуарз бæрæггæнæнти хæццæ 'й каст фæдтæн æма мæ рарвистонцæ Ирæфи районмæ фæскомцæдеси райкоммæ фиццаг секретарæй.

Мæ зæрдæбæл алкæддæр дардзæнæн, райони ке хæццæ кустон, еци хъазауат фæскомцæдесонти: Будтути Тамби, Уанити Рамазан, Махъоти Хамзат, Елджарти Цæрай, Цорити Джимурхан, Цирихати Екатерини...

***

*Рацудæнцæ берæ æнзтæ, фал нæ фæскомцæдесон æрдхуарддзийнадæ нæ нидæндæр кодта, æма 2000 анзи Уæлахези кади бонмæ мæ хъæппæресæй республики ветеранти Хæдзари арæзт æрцудæй раздæри фæскомцæдесонти къуари хæццæ фембæлд æма еи рæстæг исистан, мæнæ абони ци хузæ мухур кæнæн, е дæр. Фиццаг рæнгъи бадунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ):* ***Дзедати Тазæрет, Будтути Рамазан, Хуадонти Мæхæмæт,*** *еци æмбурди цитгин иуазæг, инæлар* ***Гайдук Николай, Хуадонти Ехиа, Золойти Тамаræ*** *(Гулути Хизири цардæмбал),* ***Лекъти Морат, Гæтийти Сулейман, Цæрикъати Мæхæмæт.*** *Дуккаг рæнгъи лæуунцæ:* ***Будтути С.И., Будтути Омар, Гулути Хизир, Батæрти Адæлбий, Гулæрти Батæрбег, Гулути Адулгерий, Баликъоти Батæрбег, Батæрти Дзамалдин. Æртиккаг рæнгъи: Будтути Рамазан, Цæголти Омар, Будтути С.Т., Текъити Василий, Дзагурти Абисал.***

**Фондз æма цуппаринсæй анзи 10 ноябри æнхæст кæнуй, Цæгат Иристони паддзахадон драмон театр ку байгонд æй, уобæл (1935 анзи).**

*мæнæ нур еуæй-еуетæ айдагъдæр сæ æнзти бæрцæй сæхе ку фестаунцæ æма иннетæн зунд куд фæййамонунцæ, уæхæн. Уони фæффæндуй хестæреуæггæнæг ун бийнонти, уæдта муггаги медæгæ дæр. Уæхæн адæймаг гъазæнгъолæ, ходуйнаг кæнуй хестæри ном...»*




Аци къари уинетæ Чиколай Ленини номбæл колхози фæскомцæдесон-фæсевæдон механизацигонд тиллæгикустгæнæг къуари сæргъулæууæг, Ленинон фæскомцæдеси премий лауреат Кертанти Тæхири фурт Руслани (галеуæрдигæй) е ’мгустгæнæг æмбæлттæй еуей хæццæ.

# ÆРИГОН ФÆЛТÆРТÆ ÆМЦÆДЕС-ÆМВÆНДÆЙ НÆ ФИДИБÆСТИ ЦАРДАМОНД АРАЗТОНЦÆ!..



**ХÆТÆГТИ Владимир,**
ФЕЛКЦ-и Цæгат Иристони обкоми раздæри фиццаг секретарь

ЕВГЪУД æноси тæккæ райдайæни ци Советон Республикæ райгурдæй, е æ тæккæ зин уавæрти ма ку адтæй, уæд косæг æма зæнхкосæг фæсевæди минæвæрттæ æрæмбурд æнцæ сæ фиццаг съездмæ. Арæзт æрцудæй фæсевæди Еугуруæрæсеуон Коммунистон Цæдес. Уæд фæскомцæдеси рæнгъити адтæй æдеугурæй дууæ æма инсæй мин æригон адæймаги. Рацудæй рæстæгутæ, Советон Цæдес æ тæккæ тухи бацудæй, æма фæскомцæдес иссæй нæ Фидибæсти æригæнтти 23-миллионон æфсад.

Фæскомцæдеси истори æнæфæххецæнгæнгæ баст адтæй нæуæг, æцæг адæмон цардарæзт социализм æма коммунизми фæуууæлахезбæл косæг кълас æма еугур советон адæми тохи хæццæ. В.И. Ленин уидта фæсевæди домбай исфæлдистади æма аразæг тухæ, е ’стур нисанеуæг нæуæг æхсæнадæ исаразуни гъуддаги.

Медтугъди æнзтæ Ленинон фæскомцæдеси анзфинсти ахæссунцæ агъазиау бунат. Устур адтæй фæсевæди ахедундзийнадæ фæллойнæгæнæг дзилли Республикæ ниххорх кæнунбæл архайæг америкаг, англисаг, французаг, немуцаг æма æндæр æндагон лæборгути, уорс полякти, Колчаки, Деникини, Юденичи æма Врангели æрдонгти ниддæрæн кæнуни гъуддаги.

В.И. Ленини фæдзæхститæ æнхæст кæнгæй, фæскомцæдес æ еугур хъауритæ дæр исаразта, революций æма медтугъди рæстæг зæууатмæ ка ’рцудæй, еци адæмон хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæуун кæнунмæ, дуйней фиццаг социалистон паддзахадæ исфедар кæнунмæ. Устур æма берæ ’нцæ фæскомцæдеси æскъуæлхтдзийнæдтæ бæсти культурон революци исаразуни, æнахургонддзийнадæ фесафуни, промышленность æма гъæууон хæдзарадæ социалистон уагæбæл райаразуни туххæй ленинон пълан царди рауадзуни гъуддаги. Шатурски æма Волхови гидроэлектростанцитæ, Сталингради тракторон завод, ДнепроГЭС, Магниткæ æма Кузнецки металлургон комбинат, æригондзийнади горæт Комсомольск-на-Амуре...

Ленинон фæскомцæдеси ахсгиаг къабазæбæл нимад æй Цæгат Иристони фæскомцæдесон организаци. Е фæззиндтæй 1918 анзи, фæззæги. Æ исаразгутæ æма æ фиццаг иуонгтæ адтæнцæ рæстзæрдæ, хъæппæресгин нæуæг цардарæзтбæл еузæрдиуон тохгæнгутæ. Сæ еугурей ранимайунæн равгæ нæййес, фал уой ба зæгъун, æма сæ еугурей рохс нæмттæ дæр зæрдæбæлдаруйнаг æнцæ. Коммунистти хæццæ еумæ Терки фæскомцæдесонтæ бæгъатæрæй тох кодтонцæ уорсгвардион бандитти нихмæ.

Советон хецаудзийнади æнзти республики хъæбæр райрæзтæнцæ промышленности сæйраг хузтæ: хузгин металлурги, энергетикæ æма æндæртæ. Арæзт æрцудæнцæ æма косунцæ дæсгай заводтæ æма фабрикитæ, цалдæр электрон станций. Æма еци гъуддаги кæддæриддæр коммунистти федар фæххуæцæн адтæнцæ фæскомцæдесонтæ.

Æнцон нæй, фæскомцæдес æ ирæзти надбæл ци кади æма намуси гъуддæгутæ исаразта, уони нимайун. Уонæбæл алцæмæй дæр бæлвурддæр дзорунцæ æ кадгин æма устур хуæрзеугутæ – нæуæг æхсæнадæ аразæг æригон фæлтæри тугъдон æма фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдти нисан.

Сæрмагондæй мæ зæгъун фæндуй, фæскомцæдес цæйбæрцæбæл фескъуæлхтæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг, уой туххæй. Еци тугъд куд еугур советон адæмæн, уотæ нæ бæсти æригон фæлтæртæн дæр устур фæлтæрæн адтæй. Нæ бæсти разамунди фæдздзурд «Алцидæр фронтæн, алцидæр уæлахезæн!» фиццаг бæнттæй фæстæмæ арф райста æ зæрдæмæ Ленинон фæскомцæдес, еугур советон фæсевæд. Тугъди рæстæг фронтмæ рандæй 900 мин фæскомцæдесони. Знаги фæскъилдун, заводти, шахтити, колхозон будурти – аллирауæн дæр фæскомцæдесонтæ æма фæсевæд æвдистонцæ, ка некæдма адтæй, уæхæн æрдхуæрæни бæгъатæрдзийнадæ. Фæскомцæдеси æрæмбурдгонд фæрæзнитæй арæзт цудæй танкитæ, хуæдтæхгутæ, донибунтидзæуæг бæлæгътæ. Æностæмæ адæми зæрдити байзайдзæнæнцæ æригон бæгъатæртæ Александр Матросови, Николай Гастеллойи, Лизæ Чайкинойи, Олег Кошевойи, Зоя Космодемьянскаяйи, Юрий Смирнови æма мингай æндæр уæхæнтти нæмттæ.

Устур Фидибæстон тугъди лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ ке равдистонцæ, уой туххæй 3,5 миллион фæскомцæдесонæн лæвæрд æрцудæй ордентæ æма майдантæ. Фæскомцæдесонтæй æма уой гъомбæлгонд æригæнттæй авд мини райстонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном.

Устур Фидибæстон тугъди сæ бæгъатæрдзийнади туххæй Цæгат Иристони мингай лæхъуæнтæ æма кизгуттæн лæвæрд æрцудæй хецауадон хуæрзеугутæ. Республики фæскомцæдеси рæнгъити гъомбæлгæндтæй ба ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиум беретæн равардта Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном. Уони хæццæ – Дзусати Ибрагим, Александр Мнацаканов, Къесати Астан, Милдзихти Хадзимурзæ, Тогузати Хъаурбег, Цоколати Геннадий æма æндæртæ.

Республики фæсевæд некæд байронх уодзæнæнцæ Æхсарати Энвери, Дзотти Лазæри, Басити Чабæхани, Гæздæнти авд æнсувæрей, Хъалæгати фондз æнсувæрей, Гасанти дууæ нæуæгдзау æнсувæрей æма иннæ æригон бæгъатæрти рохс нæмттæ. Берæ ’нцæ уæхæн бийнонтæ, кæцитæй цалдæргай фурти сæ æригон цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Берæ ’нцæ, хуæрзæригон уогæй немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи ка бацудæй, уæхæн сабийтæ дæр. Æма æностæмæ имисуйнаг æнцæ.

Тугъди фæсте дæр ма Ленинон фæскомцæдес æрлæудтæй адæмон хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæуун æма ’й идарддæр исаразун кæнунбæл тохи разæнгарддæр рæнгъити.

Фæллойнадон бæгъатæрдзийнадæ равдиста республики фæскомцæдес тугъди фæсте æнзти дæр. Мин адæймагемæй фулдæр архайдта раздæри æгайнæг зæнхитæй испайда кæнуни, Донбасси шахтитæ нæуæгæй аразуни гъуддаги. 1956-1960 æнзти Казахстани зæнхити тиллæг æфснайунмæ нæ республикæй рандæй 65 мин лæхъуæни æма кизги. Æгæрон æй советон доги фæскомцæдесон-фæсевæдон агъазиау арæзтæдти номхигъд. Уони ’хсæн нимад æй Траскам дæр. Е арæзт ке ’рцудæй, уой фæрци Уæрæсей æфсæдтæн бантæстæй афойнадæбæл Хонсар Иристонмæ бахъæртун æма уоми цæрæг адæми гурдзиаг балæборæг æрдонгти æверхъаудзийнæдтæй фæййервæзун кæнун.

Айдагъ еци арæзтæдтæ дæр сæ еугур дæр дзорæг æнцæ, еугурадæмон гъуддæгутæбæл фæскомцæдес кæддæриддæр æгæрон æновуд ке адтæй, уобæл.

Республики фæсевæд дæр нифсгунæй æма æдæрсгæй цудæнцæ, хæдзарадон æма културон арæзтади зиндæр кæми æй, уордæмæ. Уой туххæй æвдесæнтæ ранимайунæн берæ рæстæг æма бунат багъæудзæнæй. Уомæ гæсгæ ба си æрхæсдзæнæн мæхуæдæг фæскомцæдеси обкоми фиццаг секретарь ку адтæн (евгъуд æноси 60-аг æнзти) уæди рæстæгæй еуцалдæр дæнци.

Фæллойнадон фронти сæ къохи фæнзуйнаг æнтæстдзийнæдтæ ке бафтудæй, уой туххæй сæдæгай æригон адæймæгутæ æма цалдæр фæскомцæдесон комитети райстонцæ ФЕЛКЦ-и ЦК-и Кади грамотитæ æма хъазар лæвæрттæ. Кирови райони фæскомцæдесон организаци æртæ хатти хаст æрцудæй ФЕЛКЦ-и ЦК-и Кади киунугæмæ. ФЕЛКЦ-и ЦК-и Кади грамотæ 1968 анзи райста республики фæскомцæдесон организаци дæр.

Зæгъæн, уæд Промышленности æма гъæууон хæдзаради, фæллойнæгæнгути цардиуаги домæнтæ æнхæстгæнæг кустуæтти æма организацити æмбесонди фæллойнæ кодтонцæ фæскомцæдесон-фæсевæдон 250 коллективи. ФЕЛКЦ-и 50 анзей кадæн фæллойнадон вахти æрлæугæй, етæ кади хæццæ исæнхæст кодтонцæ сæ социалистон ихæслæвæрдтæ. Етæ адтæнцæ: Уртати Аллæ æма Тамарæ Нещерет (автомобилти æма тракторти электрон дзаумæутти завод), Гæззати Дмитрий æма Ходи Роман («Цæгирпромарæзт») æма берæ æндæртæ разамунд кæмæн лæвардтонцæ, еци фæскомцæдесон-фæсевæдон бригадитæ.

Æнтæстгин адтæй сæ февнæлд гъæуон фæсевæдæн дæр. Колхоз «Коммунизммæ фæндаг» Н. Колесников разамунд кæмæн лæвардта, еци фæскомцæдесон-фæсевæдон механизацигонд звено 314 гектари зæнхæбæл пълан 29 центнерей бæсти алли гектарæй дæр мæнæуæ æринайæ кодта 40,5 центнери. Республики Сæйраг Совети депутат ногираг Гæджити Мирзабеги звено ба 200 гектаремæй алкæмæй дæр райста 50 центнери сор нартихуар.

Дессаги æнтæстдзийнадæ бафтудæй Кирови райони колхоз «Кавказ»-и фиццаг æхсири ферми æригон фонсдаргути къохи. ФЕЛКЦ-и юбилеймæ коллектив уæлдайгиндæрæй исæнхæст кодта æ ихæслæвæрдтæ. Фескъуæлхтæнцæ гъогдоцгутæ фæскомцæдесонтæ Хубати Надя, Тибилати Изольдæ æма Хъарати Феодоси. Уонæй алкедæр еу гъоги хигъдмæ æрдугъта 2600-3200 килограмми. Ериси уæлахездзау коллективтæн ФЕЛКЦ-и Цæгат Иристони обком равардта зæрдæбæлдарæн туруса. Зæгъæн, зæрдæбæлдарæн турусатæ райстонцæ завод «Электроцинк»-и, Мæздæги райони, Садони здий-цинки комбинати, педагогон институти фæскомцæдесон организацитæ, Рахесфарси райони колхоз «Коммунизммæ фæндаг»-и Бидихти Сергейи фæскомцæдесон-фæсевæдон звено æма æндæртæ.

Республики фæскомцæдесонтæ æма фæсевæд алкæддæр æма алли фарнæхæссæг гъуддаги дæр адтæнцæ хестæр фæлтæрти тугъдон æма фæллойнадон традицити аккаг кæстæртæ.

Уомæ гæсгæ ба син сæхе дæр æма сæ царди æгъдау, сæ исарæзт гъуддæгутæ нури æригæнттæ дæр зононцæ, фæнзуйнагæй сæ фæнзонцæ – цæмæй нæ Фидибæстæ кæна тухгинæй-тухгиндæр, райдзастæй-райдзастдæр уа нæ исонибон.

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Яков Федори фурт Шапошникови райгурдбæл 16 ноябри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1905-1981).**

***Сувæллæнтти исфæлдистади Хъæбæлоти Билари номбæл Республикон галауани музыкалон театр «Премьерæ» æрæги сахар Сочий сувæллæнтти исфæлдистади 5-аг дуйнеуон конкурси рамулдта сæйраг хуæрзеуæг – Гран-при. Уомæй уæлдай ма коллектив Иристонмæ æрбаздахтæй 11 кубокки æма 30 майданей хæццæ.***



# ФИЦЦАГИДÆР УÆХУÆДТÆ УÆХЕ БАГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..

***Уазал рæстæги электрон дзаумæуттæй раст пайда кæнуни туххæй абони сæрмагондæй æрмæг ке мухур кæнæн, уой фæдбæл кадæртæ, ка 'й зонуй, бакой кæндзæнæнцæ, гъома, нæхуæдтæ ба 'й нæ зонæн, куд си пайда кæнгæй æма зингисервæзтитæй хе куд гъæуай кæнун гъæуй, уой. Зонгæ 'й еугурæй бæргæ кæнунцæ, фал еугурæй амунддзийнæдтæ, куд гъæуй, уотæ не 'нхæст кæнунцæ. Æма уæд æрцæуй устур фидбилизтæ. Уæхæн цаути туххæй минкъий нæ цæуй, игъустгонд дзиллон хабархæссæг фæрæзнити.***

***Зæгъæн, Башкирий 1979 анзи игурд силгоймаг æма æ дууæ сувæллони (7 æма 3 анзи сæбæл цудæй) бунсугъд бацæнцæ хе хæдзари. Гъаргæнæн дзаумæуттæй раст ке нæ пайда кодтонцæ, уой фудæй. Уæхæн цаутæ ма æрцудæй Ленинградi, Воронежи, Самари облæсти дæр. Еу мæйи размæ сæ хæдзари бунсугъд фæцæнцæ æртæ сабийи. Зингисервæзт рауадæй, электропроводкæ ке нæ бæзтæй, уой фудæй.***

***Берæ, æгæр берæ дæр ма æнцæ уæхæн цаутæ. Уой фæдбæл, ка 'й зонуй, кедæрти бафхуæрдзæнæнцæ, фал уомæй кæронгонд не 'рцæудзænæй уæхæн хъонци статистикæн. Гъæуй, цæмæй карздæр уа цæстæдарунæй ихæсгин ка 'й, уони цæстдард. Фал, фиццаги-фиццагидæр, ба адæм сæхуæдтæ бæрнондæр уонцæ, рагацау сæхе гъæуай кæнонцæ фидбилизæй. Уомæ гæсгæ мухур кæнæн абониккон æрмæг дæр.***

Фæззигон-зуймон рæстæг ку райдайуй, уæд зингисервæзтитæ цæхгæр фæффулдæр унцæ цæрæнбунæтти. Цæмæй сæ хæдзæртти гъар уа, уой туххæй адæм фæппайда кæнунцæ пецтæй, электрон прибортæй, гази къæйтæ æма духовкитæй. Етæ кæцидæр уавæрти исунцæ зингисервæзти анхосæгтæ, æма адæм сугъдтитæ баййафунцæ, еуæй-еу хатт ма сæ мæлæт дæр иссерунцæ.

Фæззигон-зуймон рæстæг цæрæн хæдзæртти зингисервæзтитæ ахиддæр æрцæунцæ, гъар кæнуни туххæй содзагæ кенæ æнцонсодзæн тæнгъæдтæй ку фæппайда кæнунцæ, уæд. Артæй кенæ фунукдонæй содзгæ æскъæрнæгутæ рахаунцæ, уæдта ма содзгæ пец æнæ цæстдардæй дæр ниууадзунцæ. Уомæй уæлдай уотæ фæууй, æма хæдзари хецæуттæ, азгъунст тагъддæр исгъар уа, зæгъгæ, пец сурхзинг искæнунцæ. Уæхæн рæстæг, агоридорти зихъиртæ ку фæууй, уæддæр зингисервæзт æрцæуй.

Цæмæй фидбилиз ма 'рцæуа, уой туххæй гъаргæнæн рæстæги размæ æркæсетæ пец æма хъуæцæдзæуæн хæтæлмæ æма сæ алайæй ракæдзос кæнетæ. Кæд агоридорти зихъиртæ уа, уæд сæ байсæрдетæ æргъæ-зменси хæццæ хæлæ-мулæзмæнстæй, хъуæцæ кæцæй цæуй, еци хæтæл ба цари æма азгъунсти рацæгъдетæ къирæй.

Зингисервæзтитæ æрцæуни æндæр анхосæгтæ фæуунцæ электрон тухæй гъаргæнæн прибортæй пайдагæнгæй. Фидбилиз цæмæй ма 'рцæуа, уой туххæй зæрдæбæл дарун гъæуй, уонæй пайда кæнуни сæйраг æгъдæуттæ.

Фиццагидæр, лæмбунæг исахур кæнун гъæуй электрон приборæй пайда кæнуни амунддзийнæдти ци домæнтæ амунд ес, уони. Рæстæгæй-рæстæгмæ бæрæг кæнетæ электрон телтæ, розеткитæ, щитоктæ, уæдта гъаргæнæни штепселон вилкитæ. Электрон гъаргæнæнтæ цавдæй уадзæн нæййес æхсæвигон, дзаумæуттæ сор кæнуни туххæй дæр си пайдагæнæн нæййес.

Электрон гъаргæнæнтæ æвæрун гъæуй пъолбæл, къæрæзгитæ æма дуæртти æмбæрзæнтæмæ, уæдта гъæдæй конд хæдзари дзаумæуттæмæ хæстæг куд нæ уонцæ, уотæ. Ку фæууазæлттæ кæнуй, уæд электрон гъаргæнæнтæй пайда кæнуни нимæдзæ цæхгæр фæффулдæр уй. Кæд электрон телтæ зæронд æнцæ, æма сæбæл фулдæр электрон тухæ цæун ке райдайуй, уой фудæй изоляци ратонуй, æрцæуй цубур æндзæвд æма е ба минкъий рæстæги фæсте æркæнуй зингисервæзтмæ.

Æнæнгъæлæги уавæрти Министради Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæйраг управлени нуртæккæ ци профилактикон мадзæлттæ аразуй, етæ конд цæунцæ, зингисервæзтитæ æма адæми мæлæт цæй туххæй æрцæунцæ, еци анхосæгтæ райеуварс кæнунæн. Еци кустмæ фулдæр æргом æздæхт цæуй уæлдай мæнгæвсондæр социалон къуари. Етæ 'нцæ, сувæллæнттæ кæми гъомбæл кæнунцæ, уæхæн бийнонтæ æма еунæгæй цæрæг каргун адæймæгутæ æма инвалидтæ.

Нуртæккæ медгъуддæгути, цæргути социалон гъæуайкæнуйнади, бунæттон хеунаффæйади оргæнтæ æма Еугуруæрæсеуон хебарæй зингисервæзти æхсæнади косгутæ еумæ аллихузон гъæугæ мадзæлттæ аразунцæ фæззигон-зуймон рæстæги цæргути зингисервæзти æгъдæуттæбæл ахур кæнуни æма син зингисервæзти æдасдзийнади туххæй игъосун кæнуни фæдбæл.

***ТАУЧЕЛАТИ Сослан,***
***Дзæуæгигъæуи цæстдарди хайади бæрæггæнæг.***

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ.**
**(ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)**




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**
**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№2384.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 10.11.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**